Final

# SECONDARY SCHOOL EXAMINATION – 2019 (ANNUAL)

**Model Set**

**Sl. Code - 105**

**BHOJPURI (SIL)**

**द्वितीय भारतीय भाषा – भोजपुरी**

समयः 3 घंटे 15 मिनट | पूर्णांक–100

**Time : 3 Hrs. 15 Minutes** | **Full Marks : 100**

***परीक्षार्थियों के लिए निर्देश :–***

***Instructions for the candidates :-***

1. परीक्षार्थी यथासंभव अपने शब्दों में ही उत्तर दें।
2. दाहिनी ओर हाशिये पर दिये हुए अंक पूर्णांक निर्दिष्ट करते हैं।
3. इस प्रश्न पत्र को ध्यानपूर्वक पढ़ने के लिए 15 मिनट का अतिरिक्त समय दिया गया है।
4. यह प्रश्न–पत्र दो खण्डों में विभक्त है, खण्ड–अ एवं खण्ड–ब।
5. खण्ड–अ में 50 वस्तुनिष्ठ प्रश्न हैं, सभी प्रश्न अनिवार्य हैं।
   (प्रत्येक के लिए 1 अंक निर्धारित है) इनका उत्तर उपलब्ध कराये गये OMR–शीट में दिये गये सही वृत्त को काले/नीले बॉल पेन से भरें। किसी भी प्रकार के ह्वाइटनर/तरल पदार्थ/ब्लेड/नाखून आदि का उत्तर–पुस्तिका में प्रयोग करना वर्जित है, अन्यथा परीक्षा परिणाम अमान्य होगा।
6. खण्ड–ब में कुल 6 विषयनिष्ठ प्रश्न हैं। प्रत्येक प्रश्न के समक्ष अंक निर्धारित हैं।
7. किसी तरह के इलेक्ट्रॉनिक–यंत्रों का प्रयोग वर्जित है।

## खण्ड–अ (वस्तुनिष्ठ प्रश्न)

प्रश्न संख्या 1 से 50 में दिए गए विकल्पों में से एक विकल्प सही है। सही विकल्प को चुनें और OMR–शीट में भरें। गलत उत्तर के लिए किसी भी प्रकार के अंक की कटौती नहीं की जाएगी।

***नीचे दिहल वस्तुनिष्ठ प्रश्नन में से सही उत्तर चुनीं –*** **50x1=50**

1. संत शिवनारायण कवना पंथ के कवि रहीं ?

   (A) सूफी पंथ (B) निर्गुण पंथ

   (C) सगुन पंथ (D) कवनो पंथ ना

2. जोगी खातिर कवन इन्द्रिय के साधल सबसे जरूरी बा ?

   (A) मन (B) नयन

   (C) कान (D) रसना (जीभ)

3. संत शिवनारायण अपना पद में 'सांझ समै' कह के आदमी के जिनगी के कवना अंश के ओर ईशारा करत बाड़े ?

   (A) बालपन (B) जवानी

   (C) बुढ़ापा (D) कवनो ना

4. 'सगरे जहान भोजपुरिया' कवन विधा के रचना ह ?

   (A) कहानी (B) कविता

   (C) एकांकी (D) एह में से कवनो ना

5. कवना देश में भोजपुरिया लोग ज्यादा बा ?

   (A) चीन (B) फिजी

   (C) मॉरीशस (D) फिजी आ मॉरीशस

6. मॉरीशस के प्रधानमंत्री शिवसागर रामगुलाम के पुरूखा लोग कहँवा के रहे ?

(A) भोजपुर जिला के हरिगाँव
(B) सीवान जिला
(C) गोपालगंज जिला
(D) एह में से कवनो ना

7. 'साधो भाई' कवन विधा के रचना ह?

(A) पद
(B) कहानी
(C) संस्मरण
(D) निबंध

8. पलटू साहब कवना परंपरा के कवि बानीं ?

(A) तुलसी परंपरा
(B) कबीर–परंपरा
(C) बुद्ध–परंपरा
(D) एह में से कवनो ना

9. 'बायन' कहानी के नायक के बा ?

(A) जीतन
(B) रमेश
(C) राकेश
(D) मनोहर

10. एह में से कवन कहानी विशुद्धानंद जी के लिखल ह ?

(A) मछरी
(B) बायन
(C) मत्रन के कहानी
(D) घोंघा

11. दूबर अपना लड़िका के नाम का रखले रहन ?

(A) भीम
(B) राम
(C) कृष्ण
(D) राकेश

12. 'फतेह बहादुर शाही' कविता में कवि 'प्रथम क्रांतिकारी वीर' केकरा कहले बानी ?

(A) ठीर कुँवर सिंह
(B) महाराणा प्रताप
(C) फतेहशाही
(D) मंगल पाण्डेय

13. 'फतेह बहादुर शाही' कहँवा के राजा रहले ?

(A) हुस्सेपुर (B) बंकजोगनी

(C) काशी (D) तमकुड़ी

14. डॉ0 भीमराम अंबेडकर जी के 'भारत रत्न' के उपाधि कब देल गइल रहे ?

(A) 1990 (B) 1980

(C) 2015 (D) 1996

15. 'पूना पैक्ट' समझौता केकरा–केकरा बीच भइल रहे ?

(A) गाँधी जी–भीमराव अंबेडकर (B) गाँधी जी – नेहरू जी

(C) पटेल–नेहरू (D) एह में से केहू ना

16. केकरा के 'भारतीय संविधान के पितामह' कहल जाला ?

(A) गाँधी जी (B) नेहरू जी

(C) भीमराव अंबेडकर जी (D) पटेल जी

17. 'मत्तन के कहानी' में जमींदार के नाम का रहे ?

(A) मत्तन (B) चाक्को

(C) शिवशंकर (D) रमेश

18. 'मत्तन' कवन काम करत रहन ?

(A) मजदूरी (B) सरकारी नौकरी

(C) व्यापार (D) कृषि

19. 'त्रेसा' कवन कहानी के पात्र हईं ?

(A) मत्तन के कहानी (B) मछरी

(C) सकदम (D) खेल

20. 'ऊहो बरखा आई' कविता कवन ऋतु से जुड़ल बा ?

(A) ग्रीष्म
(B) वर्षा
(C). बसंत
(D) शरद

21. वर्षा ऋतु के कवन लोग गरिआवे ला ?

(A) कार पर चढ़े वालन
(B) छोट–छोट लइकन
(C) रोज कमाये वाल मजदूरन
(D) एह में से कवनो ना

22. 'गरजत बा आकास बुझाता ऊहो बरखा आई' ई पंक्ति कवन कविता के ह ?

(A) ऊहो बरखा आई
(B) आग पर तप रहल जिन्दगी
(C) नेह के पाती
(D) एह में से कवनो ना

23. पढ़ाई छोड़ला के बाद जगलाल चौधरी कवना आश्रम में गइनीं ?

(A) चन्द्रशेखर जी के भोंडसी आश्रम
(B) महर्षि वृर्ष पर्वा के आश्रम
(C) गाँधी जी के वर्धा आश्रम
(D) पूर्णिया के टीकापट्टी आश्रम

24. श्रीबाबू के काल में जगलाल चौधरी जी कवन मंत्री बनल रहीं ?

(A) स्वास्थ्य मंत्री
(B) परिवहन मंत्री
(C) वित्त मंत्री
(D) रक्षा मंत्री

25. जगलाल चौधरी जी कवना राजनीतिक दल के सदस्य रहीं ?

(A) जनता दल
(B) भाजपा
(C) कांग्रेस
(D) जदयु

26. 'वारिसशाह से' ई कविता के मूल भाषा कवन बा?

(A) हिन्दी
(B) पंजाबी
(C) बंगाली
(D) उर्दू

27. 'इक पंजाब के बेटी ला तू लिखलऽलमहर गाथा' ई कविता–अंश कवन कविता से लिहल गइला बा ?

(A) आग पर तप रहल जिन्दगी (B) नेह के पाती

(C) ऊहो बरखा आई (D) वारिसशाह से

28. रामाकांत द्विवेदी 'रमता' जी के 'साहित्य भूषण' कहवाँ से मिलल रहे ?

(A) वीर कुँवर सिंह वि0 वि0, आरा (B) पटना वि0वि0, पटना

(C) देवघर विद्यापीठ (D) मगध वि0वि0, बोध–गया

29. 'हाथे कड़ी, पाँव में बेड़ी, डाँड़े रस्सी बन्हाइल' ई पंक्ति कवना कविता के ह ?

(A) बेयालिस के साथी (B) नेह के पाती

(C) वारिसशाह से (D) साधो भाई

30. हिन्दी फिल्मन के प्रसिद्ध चरित्र नायक नाजीर हुसैन कवना भोजपुरी फिल्म में काम कइले रहीं ?

(A) गंगा मइया तोहे पियरी चढ़इबो (B) सुहाग बिंदिया

(C) निरहुआ रिक्सावाला (D) एह में से कवनो ना

31. भोजपुरी फिल्मन के दूसरका दौर के फिल्म कवन बा ?

(A) गंगा किनारे मोरा गाँव (B) गंगा मइया तोहे पियरी चढ़इबो

(C) दुल्हा गंगा पार के (D) A अवरू C

32. 'नेह के पाती' शीर्षक कविता केकरा पर विशेष केन्द्रीत बा ?

(A) नेता (B) व्यापारी

(C) अफसर (D) मजदूर

33. अस्सी के दशक में गोरख पाण्डेय कवना आंदोलन से जुड़ल रहीं ?

(A) किसान आंदोलन (B) छात्रा आंदोलन

(C) A आ B (D) एह में से कवनो ना

34. कबड्डी खेले के नियम कवन राज्य में बनल रहे ?

(A) तामिलनाडु (B) महाराष्ट्र

(C) मध्य प्रदेश (D) आंध्र प्रदेश

35. कबड्डी खेल में प्रत्येक दल में कतना खेलाड़ी होला ?

(A) 10 (B) 12

(C) 15 (D) 20

36. 'आज पहरू लुटेरा भइल' ई पंक्ति के कवि बाड़न –

(A) रघुवंश कुमार (B) हीरा ठाकुर

(C) डॉ0 सत्येन्द्र सुमन (D) रमेश चन्द्र झा

37. 'फीचर' कवना तरह के समाचार कहल जाला ?

(A) सरकारी समाचार (B) मनोरंजक समाचार

(C) आपराधिक समाचार (D) एह में से कवनो ना

38. 'दूगो–चार गो' में कवन विशेषण ह ?

(A) संख्या वाचक (B) सार्वनामिक

(C) गुण वाचक (D) परिमाण वाचक

39. 'दाल–भात' कवन समास ह –

(A) तत्पुरूष (B) नञ

(C) द्वन्द्व (D) द्विगु

40. क्रिया के भेद होखेला –

(A) तीन
(B) चार
(C) पाँच
(D) दू

41. संज्ञा के भेद होखेला –

(A) तीन
(B) चार
(C) पाँच
(D) सात

42. 'राम धीरे–धीरे चलताड़न' वाक्य में धीरे–धीरे का ह ?

(A) विशेषण
(B) क्रिया
(C) क्रिया–विशेषण
(D) प्रविशेषण

43. 'मेला' कवन संज्ञा ह ?

(A) जातिवाचक
(B) भाववाचक
(C) समूह वाचक
(D) द्रववाचक

44. 'नव दू ग्यारह भइल' मुहावरा के अर्थ होखेला –

(A) भाग गइल
(B) भाग खराब भइल
(C) A आ B
(D) कवनो ना

45. 'आग में घीव डालल' मुहावरा के अर्थ होखेला –

(A) क्रोध भड़कावल
(B) क्रोध कम कइल
(C) क्रोध पी गइल
(D) एह में से कवनो ना

46. 'पीताम्बर' कवन समास ह?

(A) तत्पुरूष
(B) नञ
(C) द्वन्द्व
(D) बहुब्रीहि

47. जवन अलंकार में शब्द संबंधी चमत्कार पावल जाला ओकरा कहल जाला –

(A) अर्था लंकार
(B) शब्दा लंकार
(C) उपमा अलंकार
(D) रूपक अलंकार

48. 'जलखई' के पर्यायवाची शब्द ह –

(A) भोजन
(B) नाश्ता
(C) पनपियाँव
(D) B आ C

49. 'मीठा' के उल्टा का होई ?

(A) खट्टा
(B) मिठाई
(C) गुड़
(D) तीता

50. 'आकाश' के उल्टा होखेला –

(A) पताल
(B) नभ
(C) गगन
(D) एह में से कवनो ना

## खण्ड – ब

## विषयनिष्ठ प्रश्न

1. कवनो एक विषय पर निबंध लिखीं – 1x10=10

क. होली    ख. 26 जनवरी    ग. कबड्डी

घ. जय प्रकाश नारायण    ङ. बसंत ऋतु

2. कवनो एक प्रश्न के उत्तर लिखीं। 1x5=5

क. मोहल्ला के सफाई करावे खातिर अपना नगर निगम के अध्यक्ष के पास आवेदन पत्र लिखीं।

ख. परीक्षा के तइयारी बढे बाबूजी लगे एगो पतरी लिखीं।

3. नीचे दिहल प्रश्नन में से कवनों एगो के उत्तर लिखीं – 1x10=10

(i) निम्नलिखित गद्यांश के पढ़ि के नीचे लिखल प्रश्नन के उत्तर लिखीं, प्रत्येक प्रश्न खातिर 2 अंक निर्धारित बा।

भारत गाँव के देश ह। इहाँ 70 प्रतिशत लोग गाँव में रहेलन। इहाँ के लोग आपस में रिश्ता–नाता जोड़ के रहेलन। शादी–विवाह, श्राध–भोज, सुख–दुःख में एक–दूसरा के सहायता कइल जाला। शहर में ई सब गुण के घोर अभाव बा। लगभग सब लोग अपना घर परिवार तक सीमित हो के रह रहल बा। आजकल के लइका अपना दादा–दादी के नाम भी नइखे जानत। पारिवारिक जीवन में दादा–दादी के एगो विशेष महत्व बा। हमनी के जीवन में स्नेह, ममता आ सहयोग के सख्त जरूरत बा।

क. भारत कइसन देश ह ?

ख. इहाँ कतना प्रतिशत लोग गाँव में रहेला ?

ग. हमनी खातिर कवन स्थिति अच्छा नइखे ?

घ. शोक आ उत्सव के समय केकर महत्व बा ?

ङ. दादा–दादी के का स्थिति बा ?

(ii) निम्नलिखत गद्यांश के पढ़ि के नीचे लिखल प्रश्नन के उत्तर लिखीं – प्रत्येक प्रश्न के उत्तर खातिर 2 अंक निर्धारित बा।

भाषा ऊ साधन ह जेकरा माध्यम से अपना विचारन के आदान–प्रदान कइल जाला। हर देश के पहचान वोह देश के राष्ट्रभाषा होला। हिन्दी हमार राष्ट्र भाषा ह। भारत के बाहर हमनी के त हिन्दी से जानल जायीं ले जा। अगर आपन भाषा ना रही त कवनो पहचान ना रही। अपना देश में अंग्रेजी मानसिकता वाला लोगन के कारण हिन्दी के उपेक्षा हो रहल बा। हमनी के ऊ लोग के समझे के चाहीं। ई देश भक्ति के भावना के प्रतिकूल बा।

क. आदमी अपना विचार के आदान–प्रदान कइसे करेला ?

ख. कवना मानसिकता के कारण हिन्दी के उपेक्षा हो रहल बा ?

ग. हमार राष्ट्रभाषा का ह ?

घ. राष्ट्र के पहचान कवना चीज से होला ?

ङ. देश भक्ति के भावना के प्रतिकूल का बा ?

4. नीचे दिहल प्रश्नन में से कवनो एगो के उत्तर लिखीं – 1x10=10

(i) निम्नलिखित गद्यांश के पढ़ि के नीचे लिखल प्रश्नन के उत्तर लिखीं। प्रत्येक प्रश्न के उत्तर खातिर 2 अंक निर्धारित बा।

एकरा के ई बता देल जरूरी बुझाता कि कवनो भाषा पहिले बोली ही होली। जब एकरा के कुछ नियमन से बान्ह दियाला आ ओकरा माध्यम से हमनी विचारन के आपन कलात्मक अभिव्यक्ति करे लागीले तब ऊ क्रमशः भाषा आ साहित्य के परिधि में आवे लागेला। साधारण आ बिना पढ़ल–लिखल लोग अपने आप के जवना भाषा में अभिव्यक्त करेला, ओकरा लोकभाषा कहल जाला। लोकभाषा के मतलबे होखेला – लोक के भाषा। ई लोकभाषा में जवन साहित्य रचल जाला तवना के लोक साहित्य कहल जाला। ठीक एकर उल्टा, पढ़ल–लिखल लोगिन के भाषा साहित्यिक भाषा कहल जाला। अइसन भाषा में जवन साहित्य रचल जाला ओकरा साहित्यिक भाषा–साहित्य अथवा शिष्ट साहित्य कहल जाला।

क. कवनो भाषा पहिले का होली ?

ख. साधारण लोगन के भाषा का कहलाली ?

ग. लोकभाषा के मतलब का होला ?

घ. लोक भाषा में लिखल साहित्य का कहाला ?

ङ. साहित्यिक भाषा में लिखल साहित्य का कहाला ?

(ii) निम्नलिखित गद्यांश के पढ़ि के नीचे लिखल प्रश्नन के उत्तर लिखीं। प्रत्येक प्रश्नोत्तर खातिर 2 अंक निर्धारित बा।

डॉ0 सत्येन्द्र सुमन के जनम 22 जुलाई 1960 ई0 के पटना जिला के मसाढ़ी गाँव में भइल बा। इहाँ के एम0 ए0, पी–एच0डी0, डी0लिट्0 कइले बानीं। इहाँ के हिन्दी, मगही, भोजपुरी आ मैथिली में साहित्य–सृजन कर रहनीं ह। भाषा–साहित्य के विकास खातिर इहाँ के समर्पित बानीं। खासकर के लोकभाषा आ साहित्य खातिर इहाँ के अथक परिश्रम कर रहनीं ह। इहाँ के कविता, कहानी, नाटक, उपन्यास, आलोचना आदि साहित्यिक विधा में लिखि के बिहारी भाषा के समृद्ध कर रहनीं ह। बिहारी भाषा में डॉ0 गियर्सन मगही, भोजपुरी आ मैथिली के स्थान देले बानीं। डॉ0 सत्येन्द्र सुमन दू दर्जन किताबन के रचना कइले बानीं। लोकभाषा–मर्मज्ञ के रूप में इहाँ के चर्चित व्यक्तित्व बानीं।

क. डॉ0 सत्येन्द्र सुमन के जनल कब आ कहाँ भइल बा?

ख. इहाँ के शिक्षा–दीक्षा कहवाँ तक भइल बा ?

ग. इहाँ के कवन–कवन भाषा में रचना कर रहनी ह ?

घ. डॉ0 ग्रियर्सन बिहारी भाषा में कवन–कवन भाषा के स्थान देले बानीं?

ङ. डॉ0 सत्येन्द्र सुमन कवना रूप में चर्चित व्यक्तित्व बानीं ?

5. कवनो पाँच प्रश्नन के उत्तर दीहीं – 5x2=10

क. नेपाल में कहवाँ–कहवाँ भोजपुरी बोलल जाला ?

ख. शोषित–वंचित लोग खातिर अंबेडकर जी के का सलाह रहे ?

ग. फतिंगा काहे दीया के लौ के फेरा में पड़ेला ?

घ. पलटू साहब अपना पद में साधो के काहे संबोधित कइले बाड़े ?

ङ.  मत्तन भोरे–भोरे अरच्चरा काहे खातिर गइल रहे ?

च.  जगलाल चौधरी कवना बात पर मंत्री पद से त्याग–पत्र दिहलीं ?

छ.  कबड्डी कहानी में जब खेल में बेईमानी के बात एगो लइका उठवलस त का भइल ?

ज.  पंजाब कवगो नदी खातिर मशहूर बा ?

6. पाठ्य पुस्तक से पढ़ल कवनो कविता के भाव लिखीं ?

***अथवा***

आज भोजपुरी फिल्मन के का हाल बा ? एकनी के गुणवत्ता पर संक्षेप में टिप्पणी करीं ? 5